

Terapi Òmonal pou Kansè


Hormone Therapy for Cancer – Haitian Creole

Òmòn yo se pwoteyin kò a fè ki ede kontwòle fason sèten selil travay. Terapi òmonal itilize òmòn oswa tankou òmòn pou trete kèk kansè ak lòt maladi.




Kijan terapi òmonal travay?

SKèk kansè depannde òmòn yo pou yo grandi. Terapi òmonal travay lè li bloke oswa chanje òmòn yo pou Ede ralanti oswa anpeche kalite selil kansè sa yo grandi. Terapi òmonal ka se sèl tretman yon moun bezwen, oswa doktè ta ka bay li ansanm avèk lòt tretman tankou kimyoterapi oswa radyoterapi.



Kijan doktè bay li?

Pi souvan, doktè bay terapi òmonal nan bouch kòm yon grenn, kapsil, oswa likid. Lòt fwa yo, doktè bay li kòm yon enjeksyon oswa piki. Kèk kalite operasyon afekte nivo òmòn yo epi yo kapab rele terapi òmonal tou.



Konbyen tan tretman an ap dire?

Sa depannde kalite kansè doktè a ap trete a, kalite, medikaman li bay ak lòt pwoblèm sante yon moun ka genyen. Doktè a ka bay terapi òmonal pandan kèk semèn. mwa oswa ane.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd jou-apre-jou ak sipò, rele American Cancer Society nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org/hormonetherapy**.
Nou la lè ou bezwen nou.



Efè segondè yo

Se pa tout moun ki resevwa terapi òmonal ki pral gen efè segondè. Efè segondè terapi òmonal depannde ki tretman doktè a itilize epi yo ka vini avèk:

- Boufe chalè
- Transpirasyon pandan lannwit
- Sansasyon fatig
- Pwoblèm nan zo
- Mwens enterè nan sèks
- Diminisyon nan kapasite pou fè bagay



Kesyon pou poze

Men kèk kesyon ou kapab poze doktè ou ak ekip swen sante ou:

- Ki terapi òmonal m ap resevwa?
- Konbyen fwa mwen pral resevwa tretman an?
- Ki kantite tan tretman mwen pral dire?
- Èske asirans mwen pral peye pou tretman mwen? Ki kantite lajan mwen pral gen pou peye?
- Ki efè segondè mwen kapab genyen?
- Kilè mwen ta dwe rele doktè a oswa enfimiyè a?
- Èske gen nenpòt bagay espesyal mwen bezwen fè pou pwoteje tèt mwen ak lòt moun pandan m ap resevwa tretman an?